# KONEKSYON

*Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County*

## TO GRADYASYON M-DCPS RIVE PI WO PASE TOUTAN



To gradyasyon "Miami-Dade County Public Schools' (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) rive nan nivo li pa janm rive, 80.4 pousan pou ane akademik 2015-2016 la, li depase mwayèn lòt gran Distri lekòl nan Florid, tankou konte Broward, Hillsborough, ak Duval. Ogmantasyon 2.3 pwen pa rapò ak to 78.1 ane pase a make to gradyasyon ki pi wo M-DCPS janm reyalize depi Depatman Edikasyon Florid te kòmanse suiv estatistik sou gradyasyon yo avèk metòd modèn nan fen ane 1990 yo. To gradyasyon Miami-Dade pou elèv Blan, Nwa, ak Ispanik depase to elèv sa yo tou nan Eta a. To gradyasyon Distri a ogmante de 22 pousan, konpare ak 58.7 pousan an 2006-2007.

## M-DCPS AP OBSEVE 'JOUNEN POU MENNEN PITIT FI AK PITIT GASON NOU NAN TRAVAY' 2 FEVRIYE

M-DCPS pral obsève Jounen pou Mennen Pitit Fi ak Pitit Gason Nou nan Travay, 2 fevriye olye de 27 avril, jounen obsèvasyon nasyonal, la pou minimize entèripsyon nan egzamen "(Florida Standard Assessment [FSA] and Florida End of Course Assessment)" (Evalyasyon Estanda Florid, ak Evalyasyon Fen Kou Florid) ki pwograme yo. Nou te fè pwogram nan pou l plis pase yon jounen karyè, e pou l ale pi lwen pase "shadowing" (asiste) yon adilt, jan nou konn fè l la. Ekspoze ti fi ak ti gason ak sa yon paran oubyen yon konseye ki nan lavi yo ap fè pandan jounen travay yo enpòtan, men montre timoun yo valè edikasyon yo, ede yo dekouvri puisans ak posiblite ki asosye avèk yon vi pwofesyonèl e familyal ki balanse, ofri yo yon opòtinite pou pataje fason yo wè lavni, e pèmèt yo kòmanse etap pou rive atenn objektif yo nan yon anviwònman pratik e entèraktif, se kle pou yo jwenn siksè.




## MAKE DAT LA! DEFI 5K SIPÈENTANDAN AN KI AP BENEFISYE LEKÒL M-DCPS YO AP FÈT 1YE AVRIL




Foundation for New Education Initiatives (FNEI)" (Fondasyon pou Nouvo Inisyativ nan Edikasyon) ak Sipèentandan Lekòl Leta Miami-Dade County Alberto M. Carvalho ap mete ansanm pou prezante 2yèm Defi Anyèl 5K a pou benefisye Lekòl Leta Miami-Dade County yo! Tout patisipan ki ap kouri pou yon Ekip Lekòl pral ede FNEI sipòte lekòl yo a. FNEI ap remèt chak lekòl yon pousantaj nan benefis yo, kòm donasyon, baze sou kantite lajan yo kolekte.

Admisyon nan kous la se $30 pou adilt plis yon frè enskripsyon $2.64 e $10 pou elèv plis yon frè enskripsyon $1.54. Pou enskri vizite: Eventbrite.com e klike sou "Miami events" oubyen klike sou: https://www.eventbrite.com/e/the-superintendents-5k-challenge-a-race-for-education-tickets-27079654977?aff=es2. Dènye delè pou enskripsyon an se 25 mas.

### DAT POU NOU SONJE

| | |
|---|---|
| 20 fevriye - | Fèt Prezidan yo (Presidents' Day) |
| 24 mas - | Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon |

## M-DCPS AP FÈ EKSPOZISYON STEAM MIAMI-DADE




Ekspozisyon STEAM Miami-Dade la atire atansyon sou elèv M-DCPS ki pi kreyatif, entelijan, e ki gen plis resous ki ap fè konpetisyon e demontre konpetans yo nan "Science, Technology, Engineering, Arts and Mathematics (STEAM)" (Syans, Teknoloji, Jeni, Ar ak Matematik). Ekspozisyon an, ki prezante gayan konpetisyon syans elèv yo rekonèt nasyonalman, ap demontre rezilta travay di elèv yo e li bay kominote a enfòmasyon konsènan rechèch STEAM ak plan jeni.

## ENSKRI DAVANS SOU ENTÈNÈT POU FWA KOLÈJ NASYONAL MIAMI AN




Pou plis enfòmasyon, kontakte liy enfòmasyon pou Fwa Kolèj la nan 305-995-1739; oubyen vizite www.nacacnet.org. Suiv evènman an nan #collegefairmiami

### PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

| | | |
|---|---|---|
| 15 fevriye | 11:00 dimaten | Reyinyon Regilye |
| 15 mas | 11:00 dimaten | Reyinyon Regilye |

## KOMISYON KONSÈY LEKÒL MIAMI-DADE COUNTY APWOUVE KALANDRIYE LEKÒL 2017-2018 YO

**MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS**
**2017-2018 SCHOOL CALENDAR**
**ELEMENTARY AND SECONDARY**

**July 2017**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 31 | | | | |

**August 2017**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | |

**September 2017**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |

**October 2017**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 30 | 31 | | | |

**November 2017**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 27 | 28 | 29 | 30 | |

**December 2017**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |

**January 2018**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 29 | 30 | 31 | | |

**February 2018**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 26 | 27 | 28 | | |

**March 2018**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |

**April 2018**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 30 | | | | |

**May 2018**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 28 | 29 | 30 | 31 | |

**June 2018**

| M | T | W | T | F |
|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |

New Teachers Report
Teacher Planning Day
Teacher Planning Day - (No - Opt)
District-wide Professional Development Day
Recess Day
Beg/End of Grading Period
Secondary Early Release
Legal Holiday

| Days in Grading Period |
|---|
| 1-46 |
| 2-44 |
| 3-43 |
| 4-47 |

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County apwouve Kalandriye Lekòl 2017-2018 la nan dènye reyinyon mansyèl li a, avèk Lekòl ki ap kòmanse 21 out 2017 pou elèv. Yo devlope Kalandriye Lekòl yo ansanm ak Komite Travay sou Kalandriye Lekòl la ki gen ladan reprezantan nan M-DCPS, 'United Teachers of Dade,' ak "Parent Teacher Association/Parent Teacher Student Association" (Asosyasyon Paran Pwofesè/Asosyasyon Paran Pwofesè Elèv. Pou plis enfòmasyon vizite, www.dadeschools.net/calendars.

**Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid**

Doktè Lawrence S. Feldman, Chèmann
Doktè Marta Pérez, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Steve Gallon III
Perla Tabares Hantman
Doktè Martin Karp
Lubby Navarro
Mari Tere Rojas

Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo

Sebastian M. Lorenzo
Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

*Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a*
Daisy Gonzalez-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon